



KONFERANS LATINOAMERIKEN AK KARAYIBEYEN RELIJYE YO - CLAR

“Ann kouri soti pou rankontre lavi a”

SEMINÈ CHANJMAN SISTEMIK - PREZANTASYON

PòtoPrens – Ayiti, 17, 18 ak 19 fevriye 2017

DOKIMAN FINAL

Nan seminè a 77 moun te reyini nan peyi Dayiti soti 17 pou rive 19 fevriye 2017. Nou te sòti nan plizyè rakwen peyi a sitou nan zòn ki pi popilè yo ak sa ki twouve yo nan zòn rekile yo. N'ap tou pwofite moman sa a pou nou voye yon gwo kout chapo bay tout konferans ki fòme KLAR la, epi nou vle di yo ke nap pataje avèk anpil kè kontan rekòt jou lagras sa yo ke nou te viv ansanm nan seminè a.

Nou te vini nan seminè a paske li te enpòtan pou nou te chita pale sou sitiyasyon sila yo ki pi fèb, nou te wè nesosite pou nou te pataje eksperyans nou yo epi fouye zo nan kalalou pou nou wè kouman nou kapab apwoche ak devlope misyon ke nou genyen pou travay ak moun yo ki nan sitiyasyon difisil yo.

Pandan jou sa yo, nou te wè kijan reyalyte ayisyèn lan te prezantel sou divès pwèn tankou: sosyal, ekonomik, politik ak relijyez. Nou te konstate ke pwoblèm povrete ekstrèm ak pwogresif, inegalite kap vale teren san rete ak fason ke milye kote nou rete ap deteryore, mete nou devan de gwo tonton defi ki se kòz soufrans frè ak sè nou yo.

Nou soufri paske nou pa gen aksè ak yon travay ki reponn ak diyite nou; Nou soufri paske nou pa genyen dwa ak yon edikasyon epi yon sèvis sante de kalite; Nou soufri paske nou pa kapab jwenn dlo trete, manje, kay ak nenpòt lòt sèvis sosyal de baz yo.

Nan menm tan an, nou te reafime lafwa ak esperans nou nan emansipasyon pèp ayisyen an, nan kapasite li genyen pou fete ak kè kontan, nan kapasite li genyen pou envante chimen tou nèf pou yon ekonomi solidè, pou yon agrikilti ekolojik, pou yon edikasyon k'ap libere nou, pou yon travay kominotè, pou yon kolaborasyon nan devlopman dwa moun, lajistis ak lapè.

Refleksyon sou eleman ki te enspire KLAR ak kontanplasyon senbòl Vizitasyon an te ban nou plis sans nan pwofondè ak ijans ki genyen nan reyalyte ke nou te kontemple nan peyi Dayiti a. Nou te santi fèmman apèl ki genyen pou nou sòti rapidman al rankontre lavi, sòti rapidman al pote lavi miyò.

Vwa pèp pòv nou an, frè ak sè nou yo, k'ap soufri enjistis ak eksklizyon, envite nou pou nou pataje lavi yo ak goumen bò kote yo epi pou yo nan rezo entèkongregasyonèl yo ak layik yo, dekwa pou nou rive transfòme reyalyte a, goumen kont lamizèki genyen nan tout yon sosyete ak bati yon kominote kote lavi, diyite moun, otònomi, lajistis, lapè ak tèt ansanm ap rive makònen youn ak lòt.

Nou dekouvri kòm disip misyonè, ki ap tande rèl yo, ki ap gade reyalyte a, nou dwe bay yon repons, ansanm ak pèp la, ak bezwen sila yo ki pòv, gason ak fanm, jèn ak timoun kap goumen chak jou pou chèche lavi.

Ann mande Lespri Sen an pou li chanje kè nou, pou li pouse nou asime povrete nou, pou li ba nou lespri bon konprann pou nou viv avèk kè kontan diferans laj ke nou genyen, pou li ban ou moun ak esprityalite kongregasyon yo ke nou pa pral konsidere tankou yon pwoblèm men tankou yon richès k'ap motive nou epi k'ap makonnen nou.

Yon siy esperans ki te gen anpil sans nan seminè sa a, se fè anpil nan frè ak sè nou yo ki se layik epi ki soti nan divès lokalite rive pataje menm rèv, gen menm konba e rive gen menm angajman misyonè. Anpil ladan yo rive pran responsabilite pou antre nan Komisyon Chanjman Sistemik Ayiti a andidan CHR.

Nou ta renmen nou viv tèt ansanm sa menm jan ak rankont Mari ak Elizabèt la, yon rankont gratis ant 2 fanm ki te gen Lespri Sen an abite nan kò yo. Jès sa se yon kapasite k'ap pèmèt nou rive limen yon lavi tou nèf, ki vle di: YON MOUN TOU NÈF.